

Пушкиным и уэрэд мыужьыхыжыр

2-нэ нап.



ЩIэныгъэм щыпхиша лъагъуэр

3-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



Гъуазджэм и дунейм

4-нэ нап.

ФIЫФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№67 (24.349) ● 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«ЛИффТ»-м и лъэтеувэ



4-нэ нап.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэрэтамкIэ*

# Лъэпкъ экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ зэзыгъэуIу IэнатIэмрэ Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ инспектор Васильченкэ Дмитрий, республикэм и гъэзэщIакIуэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ гъуэгухэр», «ПсэупIэ унэхэмрэ къалэхэм я теплъэмрэ», «Экологие» лъэпкъ проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм.

«Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ гъуэгухэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2022 гъэм кърикубыдэу, зекIуэ мардэхэм къитIасэу, зэрагъэпэщынущ гъуэгу Iыхьэ 70. КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн** зэIущIэм кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ а Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным федеральнэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэм къахэкIыу сом мелардрэ ныкъуэрэ зэрыхухахам. Гъуэгухэр шынагъуэншэу щытын папщIэ, абыхэм ящыщу километр 40-м уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, гъуэгубгъухэм щагъэувынущ километри 5 зи кIыхьагъ гъущI хъархэр, къыхабелджылыкIынущ лъэсырызекIуэхэр гъуэгум щызэпрыкI хъуну щIыпIэ 16. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм и щIыналъэ псоми гъуэгу лэжьыгъэхэр мардэхэм изагъэу, пIалъэхэм къыкIэрымыхуу щокIуэкI. Бадзэуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу а лэжьыгъэхэм я процент 80-р зэфIэкIынущ.

2022 гъэм и кIэухым ирихьэлIэу лъэпкъ проектымрэ гъуэгум ехьэлIа нэгъуэщI федеральнэ программэхэмрэ япкъ иткIэ зэпэщ ящIынущ щIыналъэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгу куэд. Псори зэхэту къапщтэмэ, абыхэм километри 170-м нэс я кIыхьагъщ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** зэIущIэм щищIа докладыр теухуауэ щытащ «ПсэупIэ унэхэмрэ къалэхэм я теплъэмрэ» лъэпкъ проектыр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм. 2022 гъэм ятынущ псэупIэ унэу метр зэбгъузэнатIэ мин 520-м нэс. Дызэрыт илъэсым и щIышылэ - накъыгъэ мазэхэм къриубыдэу хьэзыр хъуакIэщ метр зэбгъузэнатIэ мини 148,8-рэ къызэщIэзыубыдэ псэупIэхэр. Ар хуэдэ 1,4-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм щыIа бжыгъэхэм еплъытмэ.

Налшык псэупIэ унэхэр ухуэным адэкIи зыщегъэужьыным хуэгъэпсауэ, 2022 - 2024 гъэхэм къриубыдэу псы зэрыжэ бжьамиишхуэхэм, абыхэм я къудамэхэм щIыпIэм нэхъри зыщрагъэубгъунущ.

Министрым зэрыжиIамкIэ, цIыхухэр жьы хъуа унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным, ахэр псэупIэщIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа республикэ программэм и проектыр зэхагъэувакIэщ. Жьы хъуа унэ 623-м 2025 гъэ пщIондэ къыщIагъэIэпхъукIынурэ фэтэр куэду зэхэт псэупIэ унэхэм ягъэIэпхъуэнущ цIыху 1823-рэ. Мыбдеж зи Iуэху зэрахуэнур 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2021 гъэм щIышылэм и 1-м къриубыдэу ущыпсэуну шынагъуэу къалъыта унэ кхъахэхэращ. А программэм псори зэхэту хуаутIыпщынущ сом мелардрэ мин щIитIрэ. 2019 - 2023 гъэхэм тещIыхьауэ щыта апхуэдэ программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ псори и пIалъэр къэмысу зэфIэха хъуащ.

«Экологие» лъэпкъ проектыр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**. Абы зэрыжиIамкIэ, ди республикэм гулъытэ щегъуэт «Хэку къабзэлъабзэ», «Мэзхэр хъумэн», «Зихуэдэ щымыIэ псыхэр» федеральнэ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным. Апхуэдэу пащэ езыр-езыру пхъэнкIий идзыпIэ ящIа щIыпIэхэр гъэкъэбзэным. Километр 13 зи кIыхьагъ Бахъсэн псыхъуэр зыхуей хуагъазэ, уэлбанэшхуэхэм деж пхъэнкIийр зэтрихьэу ар къимыун щхьэкIэ.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къыщаIэтащ. Республикэр IэпхъуэшапхъуэхэкIэ и лъэныкъуэкIэ зэрыт щытыкIэм тепсэлъыхьащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Павлов Василий**. Абы зэрыжиIамкIэ, а IэнатIэм хабзэхэр къыщызэпемыгъэудыным ткIийуэ кIэлъоплъ ар зи къалэн лэжьакIуэхэр.

Жылагъуэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным и гугъу ищIу, зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**. ЩIыпIэхэм зэпыу ямыIэу щолажьэ зи ныбжь балигъыпIэ нэмысахэм епха Iуэхугъуэхэм кIэлъыплъ комиссэ хэхахэр. Абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр иджыблагъэ къапщытащ а Iуэхум къыхузэрагъэпэща ведомствэ зэхуаку комиссэм хэтхэм. КъэпщытэныгъэмкърикIуахэм япкъ иткIэ, административнэ жэуапым ирашэлIащ IэщIагъэлI зыбжанэ.

Балигъыпlэ имыувахэм ядэлажьэхэм ябгъэдэлъ Iэзагъым хагъэхъуэн папщIэ, апхуэдэ цIыху 280-рэ Саратов юридическэ академием къыщызэрагъэпэща курсхэм ягъэкIуащ, IэщIагъэлI 14-м я щIэныгъэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ къапщытащ. КъинэмыщIауэ, курыт школхэм я психологхэм папщIэ куэд мыщIэу къызэрагъэпэщынущ семинар купщIафIэхэр.

Вице-премьерым зэрыжиIамкIэ, 2021 гъэм къриубыдэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хабзэр къызэрызэпауда бжыгъэр процент 31,3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Адэ-анэм я нэIэ щIэмытхэмрэ хабзэр къызэпызыудхэмрэ нэхъыфIу якIэлъыплъын папщIэ, МВД-м КъБР-мкIэ щиIэ IэнатIэр я дэIэпыкъуэгъуу, республикэм и сабий лагерхэм, гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм ягъэкIуэнущ зи хьэл-щэнкIэ къыщIэхуа, хабзэм ебэкъуа ныбжьыщIэхэу къэрал кIэлъыплъыныгъэм щIэтхэм ящыщ куэд, апхуэдэуи псэуным теухуауэ гугъу ехь унагъуэхэм я бынхэм ящыщхэр. Зи гугъу тщIыхэм хуэдэ цIыхуи 196-рэ нэгъабэ гъэ еджэгъуэм хуагъэхьэзырыжауэ щытащ, зыхуей-зыхуэфI школ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщри.

А Iуэхугъуэхэм щатепсэлъыхьым, КъБР-м сабийм и хуитыныгъэмкIэ и уполномоченнэ **Лъынэ Светланэ** къыхигъэщащ ведомствэ зэхуаку къэпщытакIуэ комиссэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихыр, абы адэкIи нэхъ кууэ, Iуэхугъуэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэу зегъэужьын зэрыхуейри жиIащ.

Зэхуэсым щыжаIа псори къызэщIикъуэжу, абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**. Абы псоми гу лъаригъэтащ зэдэууэ, зэрыщIэу, зэдэIэпыкъужу ялэжь Iуэхугъуэхэр нэхъ тэрэз зэрыхъум, ар нэхъри егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхигъэщащ. ЗэIущIэм къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ ахэр зи пщэрылъ IэщIагъэлIхэм къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр ящищIащ республикэм и пашэм.

- Унагъуэ хуэмыщIахэм щапI сабийхэм гулъытэ хэха яхуэщIыпхъэщ дапщэщи. А лэжьыгъэм адэкIи зегъэшэщIын хуейщ, зи къалэнхэм нэхъри нэхъ жэуаплыныгъэ ин зыхащIэу, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. - Лъэныкъуэегъэзу щыт хъунукъым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. А IэнатIэм нэхъри зедгъэужьынущ.

# ГущIэгъулыхэм фIыщIэ хуащI

**«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ исполкомым щагъэлъэпIащ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм я цIыхухэм папщIэ дэIэпыкъуныгъэ зэхуэхьэсыным нэхъ жыджэру хэтахэр.**

ФIЫЩIЭ тхылъхэр кърагъэблэгъахэм яритащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь КIуэкIуэ Казбек.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ исполкомым и унафэщI, партым и щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ Парафилов Дмитрий къиIуэтэжащ Донбассым и цIыхуу гузэвэгъуэхэм хэхуахэр кърагъэIэпхъуэкIыу щыщIадзам гуманитар дэIэпыкъуныгъэ зэхуахьэсыну ди республикэм исхэр къызыхураджар.

- Япэ махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ Донбассым кърагъэIэпхъукIхэм ядэIэпыкъунымкIэ штаб. ИкIэщIыпIэкIэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэу тонн 20 зэхуахьэсри ирагъэшащ. Мамырыгъэр а щIыналъэм щызэтегъэувэжыным пыщIа лэжьыгъэм зэрыщIадзэрэ блэкIа зэманым ди республикэм и хьэрычэтыщIэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щIыпIэ унафэ зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ, парт организацэхэм, волонтёрхэм, гулыцI зыхэлъ псоми Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм щыщу кърагъэIэпхъукIахэм, Украинэм и щIыналъэу хуит къащIыжахэм щыпсэухэм папщIэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэу зэхуахьэсар тонн 300-м щIегъу. А лэжьыгъэр нобэми къагъэтIасхъэркъым, - жиIащ Парафилов Дмитрий.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ мы зэман мытыншым республикэм исхэм гузэвэгъуэ хэхуахэм защIэгъэкъуэнымкIэ зэкъуэтыныгъэ къызэрагъэлъэгъуар.

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий, партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Турчак Андрей сымэ я фIыщIэ тхылъхэр КъБР-м и бизнес IэнатIэм и лIыкIуэхэм иратащ Украинэм и цIыхуу щтапIэ ихьэжахэм, Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм я цIыхухэм ирата дэIэпыкъуныгъэм папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ «ЖАКО» IэфIыкIэ фабрикэм и генеральнэ директор ЖьэкIэмыхъу Светланэ, Прохладнэ гъавэ хъумапIэм и унафэщI Семёнов Владимир, «Лэгъупыкъу» компанием и пашэ Тхьэзэплъ Арсен, «Нэгузыужьыпlэхэм я планетэ» IуэхущIапIэм и къызэгъэпэщакIуэ Къэрмокъуэ Хьисэ, «Агро 07» IуэхущIапIэм и къызэгъэпэщакIуэ Тумэ Рашид, «Компание щхъуантIэм» и генеральнэ директор Тхьэмокъуэ Анзор, «Iуащхьэмахуэ лъапэ и жыг хадэхэр» компанием и къызэгъэпэщакIуэ Къуныжь Аслъэн сымэ.

ЗэIущIэм хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарым и япэ къуэдзэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

# Хабзэм и хъумакIуэхэм я еджапIэр ягъэлъапIэ

**Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм Краснодар дэт и университетым и Кавказ Ищхъэрэ институтыр (къудамэр) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 ирикъуащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

УРЫСЕЙМ и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей гуфIэгъуэ пIалъэмкIэ институтым и лэжьакIуэхэм, курсантхэм ехъуэхъуащ икIи УФ-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Колокольцев Владимир пщэрылъ къызэрыщищIам ипкъ иткIэ ведомствэм и дамыгъэ лъапIэхэр институтым и лэжьакIуэ нэхъ жыджэрхэм яритащ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъум къыщыхигъэщхьэхукIащ мы еджапIэм гъуэгуанэ кIыхь къызэрикIуар, Урысейм и МВД-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэфIэкI ин къэзыгъэлъагъуэхэм ар иджы зэрыхабжэр икIи къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм папщIэ щIэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ минхэр абы зэригъэхьэзырар. «ЕджапIэм къыщIэкIахэм хабзэхъумэ IэнатIэ мытыншыр щрахьэкI ди къэралым и щIыналъэ куэдым икIи езыхэм я къалэныр нэгъэсауэ ягъэзащIэ. Шэч хэмылъу, а псори я фIыщIэщ институтым и егъэджакIуэхэу зэфIэкIышхуэрэ щIэныгъэ лъагэрэ зиIэхэм икIи зэманым къигъэув къалэнхэм екIуу лажьэхэм», - къигъэлъэгъуащ абы. Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дамыгъэхэм институтым и егъэджакIуэ зыбжанэм иратащ.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и нэхъыжьхэр, республикэм и хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм я унафэщIхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм къикIа хьэщIэхэр, къэралым и вуз зыбжанэм я лIыкIуэхэр, ветеранхэр, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм театр гъуазджэм и IэнатIэмкIэ и грантхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм театр гъуазджэм и IэнатIэмкIэ и грантхэр гъэувыным и IуэхукIэ» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа и Указ №140-УП-м ипкъ иткIэ икIи театр лэжьакIуэ гупхэм я творческэ проектхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ, 2022 гъэм ирагъэкIуэкIа конкурсым къикIуахэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм театр гъуазджэм и IэнатIэмкIэ и грантхэр етын мы къыкIэлъыкIуэ къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм:

«Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым»;

«Музыкэ къэрал театрым»;

«ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым»;

«Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м*
*№52-УГ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын***

**Жаппуевэ Алия Бахабутдин и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министерствэм лэжьыгъэр хъумэнымрэ къэрал экспертизэмкIэ и къудамэм и унафэщIым;

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын***

**Жылэхьэж Артур Аслъэнджэрий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и «ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр Тэрч муниципальнэ районым щахуэщIэнымкIэ комплекс центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым

**Къумыкъу Аслъэн ДаскIэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIым

**Мокаевэ Зухра Алий и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и аналитик пажэм

**Недбайловэ Ольгэ Алексей и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и «Социальнэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм Прохладнэ къалэ округым щетынымкIэ комплекс центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м*
*№55-УГ*

# ЩIэныгъэм зэрызиужьыр

**«ЩIыналъэм и зыужьыныгъэр щIэныгъэ Iуэхум епхащ (РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и щапхъэкIэ)». Аращ зытеухуауэ щытар КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ «комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу ригъэкIуэкIа зэIущIэр.**

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Илъэс 30 и пэ къызэрагъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и лэжьыгъэм иджы япэу республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щытепсэлъыхьу аращ. Иджыпсту а IуэхущIапIэм щIэныгъэ лэжьакIуэ 239-рэ къызэщIеубыдэ: 36-р щIэныгъэхэм я доктору, 112-р кандидату, - къыхигъэщащ абы.

РАН-м и жэрдэмкIэ, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советыр и гъусэу, Урысейм и щIыналъэхэм щызэхагъэувэ щIэныгъэ Iуэхур ипэкIэ зэрагъэкIуэтэну жыпхъэщIэр. Апхуэдэуи УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм къыхилъхьащ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм ехьэлIауэ щIыналъэ Iэтащхьэхэм ягурыIуэн зэрыхуейр.

- Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ Урысейм 2022 - 2031 гъэхэр щIэныгъэмрэ технологиехэмрэ я илъэсу къыщылъытэным теухуа унафэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ къэкIуэну илъэсипщIым дызэлэжьыпхъэ къалэнхэр. Ахэр епхащ къэхутэныгъэхэм щIалэгъуалэр къыхэшэным, къэхутакIуэхэмрэ технологиещIэхэр къэзыгупсысхэмрэ жылагъуэмрэ къэралымрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм я хэкIыпIэр къагъуэтыным, апхуэдэуи щIэныгъэмкIэ зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм цIыхухэм зэрыщагъэгъуазэ Iэмалхэм хэгъэхъуэным, нэгъуэщIхэми, - жиIащ Емузым.

РАН-м и КъБНЦ-м и унафэщI **Нэгъуей Залымхъан** къытеувыIащ зытепсэлъыхь Iуэхум зэрызрагъэужьынуми хэлъ гугъуехьхэми. Абы щапхъэу къихьащ къэрал зызыужьахэм зэрыщаIэтыр щIэныгъэмкIэ яIэ



зэфIэкIхэм я мыхьэнэр, апхуэдэуи хэхъуэ къэзыт къудамэхэм ар зэрыщыхабжэр. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм елэжь унэтIыныгъэхэм я Iуэхум трагъэкIуадэм къыпэкIуэжыр мащIэщ, хьэрхуэрэгъухэр я куэдщ. Ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ - IэпщIэлъэпщIагъ, щIэныгъэ лъагэрэ курытрэ зиIэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр щIыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэр щебгъэкIуэкIыным хуэхьэзырщ.

Нэгъуейр тепсэлъыхьащ КъБР-м 2030 гъэ пщIондэ игъуэтыну зыужьыныгъэм тегъэщIапIэрэ хэкIыпIэу иIэнур зэраубзыхуар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр илъэс гъунэгъухэм зыхуэдэну къалъытэм и гугъу щищIым, Нэгъуейм къыхигъэщащ мурадхэр къайхъулIэн папщIэ, псэукIэр езыгъэфIэкIуэну щIэныгъэтехнологие, социально-экономикэ хэкIыпIэр гъэбелджылыным ехьэлIауэ IуэхущIапIэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ щIыналъэ унафэщIхэм ядэлэжьэн зэрыхуейр.

Апхуэдэуи къэпсэлъар щхьэхуэу къытеувыIащ РАН-м и КъБЩIЦ-р IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам, щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм, а Iуэхухэм хухах мылъкум, хамэ къэралхэм кърашхэм я пIэм ди къэралым къыщыщIагъэкIхэр ирагъэувэным теухуауэ я мурадхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым иригъэкIуэкI щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къызэщIаубыдэ компьютер, хъыбарегъащIэ технологиехэр, экономикэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ, математикэр, мэкъумэш, мэз IэнатIэхэр, бдзэжьей гъэхъуныр, бзэхэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ архитектурэмрэ, ЩIым теухуа щIэныгъэр, физикэмрэ астрономиемрэ. Зыужьыныгъэ проектхэм яхыхьэу, IуэхущIапIэр зэлэжь Iуэхухэм ящыщщ робототехникэ IэмэпсымэхэмрэзезырI-езыру гупсысэ системэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ къыдэгъэкIыныр.

**Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ 2030 гъэ пщIондэ тещIыхьауэ КъБР-м и зыужьыныгъэм и хэкIыпIэр щаубзыхукIэ, мыхьэнэшхуэ зэриIэр экономикэмкIэ IэщIагъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэр къалъытэным. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ нэгъуэщI щIыналъэхэм я зэфIэкIхэм зэреплъыпхъэр.

Нэгъуейм жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ лэжьакIуэ гупхэр къызэрызэрагъэпэщар икIи абыхэм КъБЩIЦ-м и лIыкIуэхэри зэрахэтыр.

НэгъуэщI щIыналъэхэм я зэфIэкIхэм дэплъеиным и гугъу щищIым, къэпсэлъам къыхигъэщащ къэралым иджыри апхуэдэ зэримыIэр, ауэ инновацэ Iуэхум и ужь итхэр зэрыщыIэр. Нэгъуейм дыщIигъуащ инновацэ щIэныгъэ-технологие центрым и жыпхъэр зыгъуэта щIыналъэхэм щапхъэ трахын зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч** щIэупщIащ мылъку хэзылъхьэн нобэ къагъуэтмэ, хамэ къэралхэм кърашхэр езым ейхэмкIэ зэрахъуэкIыным теухуауэ КъБЩIЦ-м сыт хуэдэ щIэныгъэ бгъэдэлъми, сыт хуэдэ технологие хьэпшып къыщIагъэкIыфынуми. Нэгъуейм абыхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ хуабэщхэм нащэр къыщыщIэзычыжыну, мэкъумэш щIэным къыщысэбэпыну, хущхъуэ тезыкIэ роботхэр, тыкуэнхэм хьэпшыпхэр зэрытрагъэувэ системэр, цIыхум и теплъэхэр зэхэзыгъэкI программэр, нэгъуэщIхэри зэрахуэщIынур.

КъинэмыщIауэ, зэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ IуэхущIапIэр адэкIэ зэлэжьынухэм, абыхэм къэралым ахъшэ зэрыхухих щIыкIэм, мылъку хэзылъхьэнухэр къызэрагъуэтынум.

ЗэIущIэм депутатхэм упщIэхэр щратащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ТIымыжь Хъусен**. Ар тепсэлъыхьащ КъБЩIЦ-м и гъусэу министерствэр зэлэжь Iуэхухэм.

# Гъуазджэм и дунейм

**Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм и илъэсым хиубыдэу Бахъсэн щІыналъэм гъуазджэхэмкІэ и еджапІэхэм пшыхь гъэщІэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщащ. Хабзэ хъуауэ зэхашэ зэІущІэхэм цІыху хъарзынэ екІуэлІащ, куэдми гукъинэж ящыхъуащ.**




ГЪЭ ЕДЖЭГЪУЭР зэрызэхуащІыж гъуазджэ пшыхьхэр къуажэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэм щекІуэкІащ, зи зэфІэкІыр нэхъ лъагэу къалъыта икІи зи ехъулІэныгъэхэр нэхъ нэрылъагъуу къыхэщ сабий зэчиифІэхэм я утыкури екІуу зэгъэпэща хъуат. НыбжьыщІэхэм я гупыжыр даІыгъыну къекІуэлІат щІыналъэ унафэщІхэр, щэнхабзэ икІи жылагъуэ лэжьакІуэхэр, курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт ІуэхущІапІэхэм щылажьэ егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр, Іыхьлыхэр, къуажэдэсхэр.

Утыкур хуит зыхуащІа сабийхэм ягъэхьэзыращ классикэ макъамэм щегъэжьауэ къэфэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщІэкІыжу узыІэпызышэ теплъэгъуэхэр. Апхуэдэу, цІыкІухэм яхузэфІэкІащ дуней псом щыцІэрыІуэ макъамэтх Бах Иоганнрэ Вивальди Антониорэ я ІэдакъэщІэкІхэри, иджырей уэрэдусхэм ятха макъамэхэри, адыгэ, балъкъэр лъэпкъ пшыналъэхэри ягъэзэщІэн.

Куэдым гуимыхуж ящыхъуащ Сирием къикІыжа ди лъэпкъэгъуу Крем-Константиновскэ (Иналхьэблэ цІыкІу) къуажэр псэупІэ зыщІахэм я щІэблэ цІыкІухэм, илъэс пщІырыпщІ зи ныбжь зэшыпхъуухэу Латэхэ Самэрэ Хьэлэрэ, я пианинэ еуэкІэр. Абыхэм кърагъэкІ классикэ макъамэр къызэрымыкІуэу зэпІэзэрытт, ягъэзащІэ пшыналъэм я псэр зэрыхалъхьар къапщІэу гъэхуат, къабзэт, пшыналъэпкъым лей халъхьэртэкъым. Адыгэ хъыджэбз цІыкІуитІым пианинэм кърагъэкІыр классикэ макъамэ пэтми, абы едэІуахэм зэгурыІуам хуэдэу къыхагъэщырт, я хэкупсэр зэрыушэр, я адыгэгур зэрыгушхуэр.

Еплъхэм ягъэщІагъуэу хьэлэмэт дыдэт къэфакІуэхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ утыкум зэрита щІыкІэри. Къафэ гъуазджэм зэрыхыхьэрэ зыбжанэ зэрыщІари, а гъуэгум хуэпэжу зэрыщытри я зыІыгъыкІэм къигъэлъагъуэрт, къэфэкІэм ІэпкълъэпкъыМ ирит лантІагъыр къазэрытещымкІэ еш имыІэу куэдрэ зэрылажьэри яхэплъагъуэрт. ЦІыкІухэм яхузэфІэкІащ къафэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэлъэгъуэн, хъэтІ зэхуэмыдэхэм зэрыхуэІэижьри псоми я фІэщ ящІын. Гъуазджэ еджапІэхэм я гъэсэн цІыкІухэм ягъэлъэгъуащ иджырей сабий, лъэпкъ, модерн къэфэкІэхэр. Щыгъын щхъуэкІэплъыкІэ зэблахъуу, макъамэ зэхуэмыдэхэр яхъуэжу, къафэ дахэхэр зэрагъэкІуу зыр адрейм иужь иту къихьэгъуэ зыбжанэ ягъэкъарууащ ныбжьыщІэхэм.




Къыхэгъэщын хуейщ Гъуазджэхэмкіэ сабий еджапІэхэр къызэраухымкІэ щыхьэт тхылъхэр ныбжьыщІэ 29-м зэрыратар. Абыхэм ящыщу Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) и сабиитхум, Къулъкъужын Ищхъэрэ (Къуэнхьэблэ) дэт, Къып Мухьэмэд и цІэр зезыхьэ щыщу ныбжьыщІийм, Зеикъуэ къуажэм гъуазджэ еджапІэм щагъасэ цІыкІу 16-м тхылъхэр ІэщІалъхьэжащ.

ЕджапІэхэм илъэсыр зэрызэхуащІыжа пшыхьыр къызэрыщыхъуам и гугъу щищІым, Бахъсэн щІыналъэм щІыпІэ унафэр щызехьэнымкІэ ІуэхущІапІэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Тхьэмадокъуэ Зерэ къыхигъэщащ илъэгъуар къызэрымыкІуэу гурыхь зэрыщыхъуар, блэкІа илъэсми ехъулІэныгъэ куэд къазэрыхуихьар. Абы и псалъэм къыхэщащ гъуазджэм дихьэх сабийхэм я бжыгъэм зэпыу имыІэу зэрыхэхъуэр, къэфэкІэ зрагъэщІэну, макъамэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэм еуэфу зрагъэсэну, уэрэд жыІэкІэм хэлъ щэхухэм зыщызыгъэгъуэзэну хуейхэр куэд хъууэ зэрыкІуэр. «Ар дэркІэ гушхуэныгъэшхуэщ, сыту жыпІэмэ къытщІэхъуэ щІэблэм щэнхабзэр зэхещІыкІ, гъуазджэр егъэлъапІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ – дахагъэр къыгуроІуэ. Мы дызытет дунейр къызэтезыгъэнэнур а дахагъэращи, ди щІэблэм щыщу а ІэнатІэм нэхъыбэ тхуешэлІэху ди насыпщ. Урысейпсо, хэгъэгупсо макъамэ зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкІхэр мащІэкъыми, дызыщыгугъын, дыщІэлэжьэн, дыщІэпсэун щхьэусыгъуэ диІэщ. Гъуазджэм и дунейр езыр хьэлэмэт защІэу зэхэлъщи, а хьэлэмэтыр сабийм и псэкІэ зэрызыхэтщІэм уасэ иІэкъым», – жиІащ Тхьэмадокъуэ Зерэ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Нарт хъыбархэр Ут Плъыжьым щаІуатэ



**Урысейм и махуэр ягъэлъапІэу, иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ «Ут Плъыжь» тхылъ фестивалымрэ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр хъумэным теухуа литературэ зэхыхьэ.**

ІУЭХУ дахэм хэтащ «Сыринэ» зи фІэщыгъэ япэ адыгэ щІалэгъуалэ театрыр. «Таурыхъхэм я лъахэм – Урысейм ис лъэпкъхэм я дуней телъыджэм зыщыплъыхьын» концертым театрым и гъэсэнхэр къыщеджащ нарт эпосым щыщ Іыхьэ. «Сосрыкъуэ мафІэр къызэрихьыжам» хэт пычыгъуэхэр зэпадзащ Нарткъалэ 9-нэ классыр къыщызыух Тутар Гуащэхъанрэ Шэджэм щыщ, 7-нэ классым щеджэ Пекъу Къантемыррэ.

«Сыринэ» театрыр къызригъэпэщащ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым. Театрым и унафэщІыр Къанкъул Ислъамщ. Пшыналъэр, пхъэцІычыр, ныбжьыщІэхэм я бзэ шэрыуэр зэщІэту Москва щагъэлъэгъуа теплъэгъуэр зыгъэхьэзырар, ныбжьыщІэхэм ядэлэжьар аращ. «Сыринэ» театрым пьесэхэр яхуэзытхыр Къаныкъуэ Заринэщ. Ар езыри хэтащ Ут Плъыжьым щекІуэкІа Іуэху дахэм литературэм хухаха и Іыхьэм.

Театрыр къызэрыунэухрэ илъэс ирикъуакъым, ауэ хунэсащ республикэм куэдрэ зыщигъэлъэгъуэну, цІыхухэми фІыуэ ялъэгъуащ. Иджы екІуу итащ Москва и ут нэхъыщхьэхэми.

- «Сыринэ» театрым хэт ныбжьыщІэхэм зэфІэкІ къагъэлъэгъуащ - ди анэдэлъхубзэм къарууэ щІэлъыр нэхъри ягъэбелджылащ. Сэ сфІэфІщ ныбжьыщІэхэмрэ сабийхэмрэ гъуэгу щрат Іуэхугъуэхэр. Мы фестивалым зыкъызэрыщагъэлъэгъуам Гуащэхъанрэ Къантемыррэ нэхъри игъэгушхуащи, бзэм теухуауэ я мурадхэр зрагъэхъулІэнымкІэ сэбэп къахуэхъуну си гугъэщ, - жиІащ Къаныкъуэ Заринэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**




# Гъэр яхуэфІыну мэгугъэхэр

**Уэлбанэрилэу гъатхэр екІуэкІами, Бахъсэн щІыналъэм гъатхасэр щаухащ.**

РАЙОН администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу гуэдзу, хьэпцІийуэ, сэхурану гектар мини 3,5-м нэблагъэ хасащ. КъищынэмыщІауэ, ерыскъыпхъэ нартыхуу гектар мин 23-м нэс, силосыпхъэу гектар 200-м щІигъу хагъэзэгъащ. Хозяйствэхэм яхурикъун жылапхъэфІрэ дагъэгъэсыныпхъэрэ яІэщ, я техникэхэр и чэзум зыхуей зэрыхуагъэзам Іуэхур ипэкІэ егъэкІуатэ.

ГъавэгъэкІхэр кІэлъоплъ бжьыхьэсэ гъавэм и щытыкІэми. Гъэ дызэрытехьэрэ хьэсапкъэхэр ягъэщэбащ, япщІащ, щІы гъэпшэрхэмкІэ елэжьащ.

ФІыкІэ я цІэ къраІуэ Псыхъурейм и «Престиж» мэкъумэш ІуэхущІапІэм. Мыбыхэм гуэдзрэ хьэпцІийуэ гектар мини 2,5–м щІигъу яІэщи, щхъуантІэу къытеуващ, гъавэр бэв зэрыхъунур нэрылъагъуу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



# «ЛИффТ»-м и лъэтеувэ


Борэн Мадинэ


Маргъущ Марианнэ

**Иджыблагъэ КъБКъУ-м и библиотекэм зэІущІэ щекІуэкІащ Евразием хиубыдэ лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным хуэгъэзауэ къыдагъэкІ «ЛИффТ» литературэ журналым теухуауэ.**

ЗИ ГУГЪУ тщІы журналым и мурад нэхъыщхьэщ Евразием, Урысейм и щІыналъэхэм щыпсэухэм я литературэ, художественнэ тхыгъэхэр утыку къихьэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэгъэза къыдэкІыгъуитІыр дунейм къытехьащ. Аращ зэІущІэр зытеухуауэ щытари. Абы зыкърагъэхьэлІат литературэм дихьэххэм, тхакІуэхэм, усакІуэхэм, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэм, студентхэм, журналистхэм.

ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБКъУ-м и щІэныгъэ библиотекэм и лэжьакІуэ **Борэн Мадинэ**:

- Ди университетыр сыт щыгъуи щІэныгъэм и къигъэхъуапІэу щытащ. Ноби апхуэдэщ. Литературэм, иджырей щІалэгъуалэм я ІэдакъэщІэкІхэм зыщыдгъэгъуэзэну, абыхэм ящыщу журналым ихуахэм я гугъу тщІыну, нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцІыхуну аращ дыкъыщІызэхуэсар, - жиІащ абы.

«ЛИффТ»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и редактор нэхъыщхьэ **Маргъущ Марианнэ** къызэрыхигъэщамкІэ, мы зэхуэсыр КъБКъУ-м и библиотекэм щрагъэкІуэкІыну къыщІыхахар зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэр къагъэнаІуэу дэІэпыкъун папщІэщ. Абы жиІащ журналым студентхэм яхуэгъэза Іыхьэ хухахыну зэрихъуэпсапІэр, ди щІалэгъуалэр Урысейм и щІыналъэ псоми къызэрыщегъэцІыхупхъэр».

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **НафІэдз Мухьэмэд** жиІащ журналым Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, дяпэкІи абы дэлэжьэну зэрамурадыр.

Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхакІуэ **Мэкъуауэ Амир** журналым теухуауэ и гупсысэ жиІащ:

- Къысщохъу мы проектым и фІыгъэкІэ ди щІалэгъуалэм я зэфІэкІыр къэгъэнэІуа хъуну. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ Маргъущ Марианнэ мыпхуэдэ лэжьыгъэ гугъум зэрызрипщытам папщІэ. Мы журналым и фІыгъэкІэ гъуэгу зыгъуэтыну щІалэгъуалэм тхыгъэфІхэмкІэ дагъэгуфІэну дащыгугъынщ.

ЗэІущІэм и кІэухым журналым ихуа усэхэм щыщхэм къеджащ ахэр зи ІэдакъэщІэкІхэр, я мурад, хъуэпсапІэхэми тепсэлъыхьащ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

# Нэхъыфlыр къащІэ

**Геоинженерием и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ кІуэ пэтми хуабэ къэхъу ЩІы Хъурейр мащІэу мыхъуми гъэупщІыІужауэ, цІыхум хуэшэчын климэт щытыкІэ зэпІэзэрытым хуэгъэкІуэжыныр. Апхуэдэ Іуэхугъуэ инхэм елэжь щІэныгъэлІхэм Іэмал гъэщІэгъуэныщэхэр къагупсыс, уеблэмэ фІэщщІыгъуейуэ.**

ЩІЫР упщІыІун щхьэкІэ, абы къытридзэ дыгъэ бзий гуащІэр зэран хъуным нэмысу космосым езыгъэгъэзэжыфын щыІэн хуейщ. Апхуэдэу къэбгъэсэбэп хъунухэм хабжэ хы толъкъунхэм къагъэщІ тхъурымбэр, псы ежэх хуэмхэм, гуэлхэм я щхьэфэ телыдыкІхэр. Мыбдежми жьыр зыубыд тхъурымбэм и зэфІэкІыр псым ейм нэхърэ хуэди 10-кІэ нэхъыбэщ, быщырыбэхэм яриубыдэ газым и фІыгъэкІэ. АрщхьэкІэ, апхуэдиз тхъурымбэ къэбгъэхъун папщІэ текІуэдэну электрокъарур зыхуэдизынкІэ хъунур нэгу къыщІэгъэхьэгъуейщ.

ЕтІуанэ Іэмалыр пшэхэм ехьэлІащ. Абы папщІэ пшэхэм я фэр аэрозол пкъыгъуэхэмкІэ хужьыбзэу пыхун хуейщ: зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ узэда кхъухьхэр хышхуэхэм траутІыпщхьэри псы шыугъэм и бахъэр зэбграпхъ. Ар зылъэІэс пшэхэр куэдкІэ нэхъ хужь хъунущ, дыгъэ бзийри щІагъуэу къыпхыкІыфынукъым. АпщІондэху щІыри мащІэу упщІыІунущ... Іэмалхэр гъунэжщ, арщхьэкІэ цІыхумрэ езы щІымрэ зэран яхуэхъунущ.

Иужьрей къэхутэныгъэр нэхъ къызэрыгуэкІщ. КъызэрыщІэкІымкІэ, нартыхум, хьэпцІийм, хугум дыгъэ бзийр хъарзынэу зэтраІыгъэ - телыдыкІыу я тхьэмпэхэм шэху хэлъщ, бзий къытридзэм ирагъэгъэзэжу. Уеблэмэ генно-инженерием и Іэмалхэр къагъэсэбэпу языныкъуэ лІэужьыгъуэхэм я тхьэмпэхэр нэхъ цІууж яхуэщІынущ. Апхуэдэ къэкІыгъэхэр цІыхумкІэ зэран хъунуми зэкІэ ящІэркъым, ауэ щІымкІэ сэбэп зэрыхэлъынум шэч лъэпкъ къытрахьэркъым – нэхъыфІыр уэ къащІэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Япэ хэщІыныгъэхэр ягъуэт

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и еплІанэ джэгугъуэм хыхьэ зэІущІэхэр мэкъуауэгъуэм и 4 - 5-хэм зэхэтащ.**

ЯПЭ МАХУЭМ щыІа зэІущІэхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ Налшык и «Спартак-Д»-мрэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ я зэпэщІэтыныгъэр. Гъэ джэгугъуэр зэрыщІидзэрэ зы очкои зыфІэмыкІуэда бахъсэндэсхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыІущІащ республикэм и футбол командэ нэхъыщхьэм и щІалэгъуалэ гупым. Иджырейм ирихьэлІэу зэІущІитІ иригъэкІуэкІам очкоиплІ къыщызыхьа хэгъэрейхэми гугъэфІхэр уагъэщІырт зэхьэзэхуэм и медалхэм щІэбэнынухэм я гупым хыхьэну.

ЗэІущІэм и кІэух бжыгъэр зэпэщІэтыныгъэр иухыху наІуэ дыдэ хъуакъым – бэнэныгъэ гуащІэ командэхэм ирагъэкІуэкІырт. Зы топ закъуэкІэ нэхъыбэ дагъэкІауэ хьэщІэхэм я еплІанэ текІуэныгъэкІэ зэныкъуэкъуныгъэр иухащ. Налшыкдэсхэм я дежкІэ ар япэ хэщІыныгъэ хъуащ. ДжэгугъуиплІым очко 12 щызэзыгъэпэща «Автозачасть»-м зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм щхьэзакъуэ пашэныгъэр щиІыгъщ. Зэпеуэм зы хэщІыныгъи иджыри къэс щагъуэтакъым бахъсэндэсхэм яужь къит «Тэрчымрэ» «Ислъэмеймрэ», ауэ ахэр зэкІэ нэхъ мащІэрэщ утыку къызэрихьар.

Шэджэм ЕтІуанэ щекІуэкІащ «Шэрджэсымрэ» «ЛогоВАЗ»-мрэ я зэпэщІэтыныгъэр. Мыбы зэщхьэщыкІыныгъэ мащІэ иІэу пашэныгъэр щиубыдащ Бабугент къикІа командэм. Балъкъэр къуажэм и топджэгу гупри ящыщщ зы гъэм зэи къыхамыгъэщІа нэхъыфІихым.

Щэбэтым екІуэкІа зэІущІищри хьэщІэхэм я текІуэныгъэкІэ иухащ. Кэнжэ щыІэу щыпІэ командэр 2:1-уэ щыхигъэщІащ Алътуд и «Искра»-м. зэІущІиплІым иужькІэ очкоибгъу иІэу алътуддэсхэм зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и етІуанэ еплІанэ увыпІэхэр яІыгъщ.

Джэгугъуэ лъэхъэнэр текІуэныгъэ инкІэ къыщІэзыдза Псынэдахэ и «Родник»-р зымащІэкІэ къызэтригъэувыІащ «Шэджэм-2»-м. Абыхэм я зэпэщІэтыныгъэу Шэджэм ЕтІуанэ щызэхэтар зэрытемыгъэкІуауэ иухащ. КомандитІми топ тІурытІ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дагъэкІащ.

ЗэІущІищым иужькІэ япэ текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ «Къэбэрдейм». Псыкуэд щыІэу хэгъэрейхэм я гъуэм дагъэкІа топ закъуэм ехъулІэныгъэ къахуихьащ налшыкдэсхэм. Абы ипэкІэ къалащхьэм и футболистхэр тІэу къыхагъэщІауэ очкоиншэт. Мы гъэм и джэгукІэр хуэзэтегъэувэкъым псыкуэддэсхэм. ПэщІэдзэ зэІущІиплІри хэщІыныгъэ защІэкІэ иухауэ «Псыкуэд-Марвил»-р зэхьэзэхуэм къащыкІэрыхухэм ящыщщ.

2022 гъэ джэгугъуэ лъэхъэнэм и щІэдзэкІэр хуэугъурлакъым Налшык и СШОР-ми. «ДыгъафІэ къалэм» и стадионым абы япэ зэІущІэр щыдригъэкІуэкІащ «Малка»-м. ХьэщІэхэм я дежкІэ иджырей текІуэныгъэр мыхьэнэшхуэ зиІэу къэплъытэ хъунущ – япэ джэгугъуиплым къыщыхагъэщІа малкэдэсхэм иджыщ япэ очкохэр щызыІэрагъэхьэфар.

Джэгугъуэм и топ нэхъыбэ дыдэ къащехъулІа хъуащ «Ислъэмеймрэ» «Псыгуэнсумрэ» я зэпэщІэтыныгъэм. Иджыри къыздэсым къикІуэт зымыщІэ ислъэмейдэсхэм топих хуадагъэкІащ хьэщІэхэм икІи я текІуэныгъэхэм къыпащащ. Псыгуэнсу и командэр, пэщІэдзэ зэІущІэхэм зы очкои къыщимыхьыфауэ, зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и иужьрей увыпІэхэм ящыщ зым къыщыувыІащ.

ЕтІуанэ джэгугъуэм щыщу ягъэІэпхъуауэ щыта «Тэрчымрэ» «Малка»-мрэ я джэгугъуэри Джылахъстэнейм щызэхэтыжащ. Мыбы зи чэзу текІуэныгъэр щызыІэрагъэхьащ хэгъэрейхэм. Балъкъ ІуфІэ къикІа командэм и гъуэм тэрчдэсхэм жэуапыншэу топищ дагъэкІащ. Джэгугъуищым очкоибгъу къыщызыхьа «Тэрчыр» нэхъыфІхэм яхэту зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэхэм щІобэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и ещанэ джэгугъуэм хыхьа зэІущІэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикІуащ: *мэкъуауэгъуэм и 4-м* - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Искра**» (Алътуд) – **1**:**2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) – «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) – **2**:**3**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) – «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) – **1**:**2**; *мэкъуауэгъуэм и 5-м* - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **6**:**2**, **СШОР** (Налшык) - «**Малка**» (Малка) - **1**:**2**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) – «**Къэбэрдей**» (Налшык) – **0**:**1**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) – **2**:**2**.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **17-5** | **12** |
| **2. «Тэрч»** | **3** | **3** | **0** | **0** | **11-3** | **9** |
| **3. «Ислъэмей»** | **3** | **3** | **0** | **0** | **13-6** | **9** |
| 4. «Искра» | 4 | 3 | 0 | 1 | 12-8 | 9 |
| 5. «Шэджэм-2» | 4 | 2 | 2 | 0 | 14-9 | 8 |
| 6. «ЛогоВАЗ» | 3 | 2 | 1 | 0 | 8-4 | 7 |
| 7. «Родник» | 2 | 1 | 1 | 0 | 15-3 | 4 |
| 8. «Спартак-Д» | 3 | 1 | 1 | 1 | 13-5 | 4 |
| 9. «Шэрджэс» | 4 | 1 | 1 | 2 | 11-13 | 4 |
| 10. «Къэбэрдей» | 3 | 1 | 0 | 2 | 6-9 | 3 |
| 11. «Малка» | 4 | 1 | 0 | 3 | 3-16 | 3 |
| 12. «Кэнжэ» | 4 | 0 | 1 | 3 | 8-16 | 1 |
| 13. «Урыху» | 3 | 0 | 1 | 2 | 3-11 | 1 |
| 14. СШОР | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-2 | 0 |
| **15. «Псыгуэнсу»** | **3** | **0** | **0** | **3** | **4-12** | **0** |
| **16. «Псыкуэд-Марвил»** | **4** | **0** | **0** | **4** | **4-21** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкІ Соня,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.039 • Заказ №1169